**REZYUME.** Bul maqala orta bilim beriw mekteplerinde muzıka sabaǵı procesinde xalıq muzıka dóretpelerin oqıwshılarǵa uyretiw jol-jobaları, pedagogikalıq sheberlik hám tarbiya mazmunı haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится об основных принципах, педагогических навыках и образовательном содержании обучения учащихся народной музыке на уроках музыки в общеобразовательных школах.

**SUMMARY.** This article talks about the guidelines, pedagogical skills and educational content of teaching folk music to students during music lessons in secondary schools.

## ФОРТЕПИАНО ПӘНИ САБАҒЫНДА МЕКТЕП ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК АКТИВЛИГИН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ

**Насыров М.Б.** – *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** қәлиплестириў, дөретиўшилик активлик, үлкен класс оқыўшылары, фортепиано пәни сабақлары, балалар музыка мектеби.

**Ключевые слова:** формирование, творческая активность, старшие школьники, уроки фортепиано, детская музыкальная школа.

**Key words:** formation, creative activity, older schoolchildren, piano lessons, children's music school.

Бүгинги тәлим системасын модернизациялаўда балалар музыка мектеплер ҳәм көркем өнер мектеплеринде музыкалық тәлимди шөлкемлестириўде жаңаша көз-қарасты талап етеди. Усы мүнәсибет пенен мектеп оқыўшыларының балалар музыка мектеплеринде фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик искерлигин раўажландырыўдың нәтийжели усыллары, техникасы ҳәм формалары кеңнен байытып барыў әҳмийетлилиги артпақта. Л.Выготский, А.Леонтьев, С.Рубинштейн, Б.Теплов дөретпелеринде дөретиўшилик искерлигин нәтийжели алып барыў, раўажландырыў, психологиялық билиў процесслери ҳәм жеке шахстың зәрүрли сыпатлары көрсетилген.

Педагогикалық көз-қарастан В.Андреев, М.Скребцова, Л.Столяренко, В.Сухомлинский дөретиўшилик жумыслары нәзерде тутылады. Музыкалық дөретиўшилик теориялық машқала сыпатында ҳәм оның әмелиятта шешими Л.Баренбойм, Б.Брылин, З.Кодай, К.Орф жумысларында өз көринисин тапты. Алымлардың музыкалық концепциясы-түсиниклери балалардың дөретиўшилик искерлигиниң активлигин раўажландырыўға, олардың пикирлеўи, көркем дөретиўшилик ҳәм саналы түрде қатнасын хошаметлеўге қаратылған. Музыкант-оқытыўшылар А.Гольденвейзер, К.Игумнов, Г.Коган, В.Лензин, Е.Либерман, Б.Милич, В.Михелис, Г. Нейгауз балалар музыка мектеплеринде мектеп оқыўшыларына фортепиано пәни сабағын үйретиў машқаласының теориялық ҳәм әмелий тәреплерин ислеп шықты. Анализлер соны көрсетпекте, балалар музыка мектеплеринде фортепиано пәни сабақлары мектеп оқыўшыларының дөретиўшилик искерлигиниң раўажланыўы машқаласы жеткиликли дәрежеде, соның менен бирге фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик искерлиги өз раўажланыўын даўам етпекте.

Илимий әдебиятларда фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик искерлигиниң айрықшалығы айтылады, бул көплеген факторларға байланыслы: психологиялық, жеке пазыйлетлер, оқыўшылардың жас өзгешелиги, турмыслық тәжирийбе, ўазыйпаға итибар қаратыў, өз жумысын режелестириў қәбилети, соның менен бирге, оқыўшы оқытыўшы менен өз-ара қатнаслар өзгешелигине байланыслы. Фортепиано пәни сабақларында ҳәр бир оқыўшы индивидуал, өзиниң жеке қәбилетлери ҳәм мүмкиншиликлерине қарамастан, дөретиўшилик активлик ушын шараятлар жаратыў зәрүрли болып табылады. Оқытыў системасы нәтийжелилиги киши, орта ҳәм үлкен класс оқыўшыларының дөретиўшилик потенциалын ашып беретуғын педагогикалық тәсир көрсетиў усыллары ҳәм көрсетпели қураллары менен тәмийинленеди.

Ҳәр бир шынығыўда дөретиўшилик процесс оқыўшының өзлигине, дөретиўшилик қәбилетине, фортепианода атқарыўшылықтың техникалық көнликпелерин раўажландырыў дәрежесине, топланған атқарыўшылық тәжирийбесине, тезаурусына, соның менен бирге, кейпиятына ҳәм физикалық жағдайына итибар қаратылады. Оқыўшылардың дөретиўшилик активлигин қәлиплестириўде музыка көркем өнери, жанрлар, усыллар,

түрли композиторлар, фортепиано атқа-рыўшыларының өмири ҳәм дөретиўшилик жолы туўралы да БММның киши, орта ҳәм үлкен классларында топланған билимлери үлкен әҳмийетке ийе болады. Оқытыўшы фортепиано пәни сабақларында түрли форма, усыл ҳәм тәлим усылларынан пайдаланса, класс оқыўшылары ушын музыка дөре-тиўшилик жеке характерге ийе болады.

Фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик жумыслары музыкалық искерлигиниң қабыллаў, атқарыўшылық, композиция сыяқлы түрлерин есапқа алған ҳалда жумыс алып барылады. Аудиторияда музыкалық-еркин ислесиў, үйренилген дөретпениң музыкалық формасын, музыкалық аңлатпаларды анализ ислеў, музыка тараўындағы билимлерди көркем өнердиң басқа түрлерине пайдаланыў бойынша көнликпелерди раўажландырыў ушын ўазыйпалар мектеп оқыўшыларының дөретиўшилик қәбилетин активлестириўге мүмкиншилик береди. Тәлим алыўшылардың көркем өнер - билимлендириў активлигин қабыллаў ҳәм атқарыўшылықты хошаметлеў, келешекте оқыўшылардың билим алыўы ушын фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик орталықты тәмийинлеў үлкен әҳмийетке ийе.

Дөретиўшилик методика, усыл менен бир қатарда, түсиндириў, гүрриң етиў, музыка шығармасын сүўретлеў усылларын қолланыў мақсетке муўапық болып табылады. Бул болса оқыўшыларға фортепиано пәни сабақларында алған билимлерин ой-пикирлерин еркин қолланыўға жәрдем береди. Пикиримше, мектеп оқыўшыларының музыкаға болған қызығыўшылығы ҳәм музыкаға болған қәлеўин сақлап қалыў ушын, оқыўшылардың билимге болған мүтәжликлерин максимал дәрежеде асырыў, қызықтырыўшы ҳәм олардың нәтийжели искерликке болған қәлеўин оятатуғын көркем репертуарларды ҳәм оқытыў усылларын таңлаў керек.

Жоқары класс оқыўшыларының дөретиўшилик активлигин раўажландырыў, оларды мәжбурий үйрениў, еслеп қалыў, мудамы фортепианода атқарыўшылықтың арнаўлы бир қағыйдалары ҳаққында еслетип турыў ҳәм оларға әмел қылыў кереклиги менен беккем байланыслы. Оқыўшыларға: «Мен» өзин көрсетиў, өзи киши болса да, өз пикирлерин әмелге асырыў ушын көбирек еркинлик бериў зәрүр.

Мысалы, И.Бахтың си минор «Француз сюита» сын үйретиўден алдын-ала оқытыўшы фортепианода атқарады, соң оқыўшыға музыканы характеристикалайды ҳәм ол қандайда бир сүўретлемелер менен байланыслылығын айтып бериўди усыныс етеди.







Музыканы характеристикалаў ушын Г.В.Келдыш «Музыка энциклопедия сөзлиги», В.Н.Холопов «Музыка шығармаларының формасы» сондай-ақ басқада сөзликлерден пайдаланыў мүмкин. «Менуэт» ҳәм «Аллеманда» музыка дөретпелеринен бирине қандай сәйкес келиўи ҳаққында өз тәсирлениўлери менен бөлисиўи, өз сүўретлемелерин сызыўы, темпти, дина-миканы, регистрларды, бөлимлер санын, музыкалық сөзлерди анализ ислеў, оқыўшыларды музыка темасы ҳәм формасы менен таныстырыўдан ибарат.

«Менуэт» ҳәм «Аллеманда» текстин үйрениў процессинде олардың фортепианода атқарыўшылық усылларын салыстырмалы анализ ислеў, текстти әсте-темпте үйрениў, бул дөретпелердиң атқарылыўындағы видео жазыўларын көриў ҳәм ойын ҳәрекетлерине муўапық дөретпелер интонациясын анализ ислеў керек.

К.Станиславский айтқанындай фортепиано пәни сабағында қабыллаў усылынан пайдаланыўда тәлим алыўшы-лардың ассоциатив фондын, олардың музыкалық тәжирийбесин кеңейтиўге мүмкиншилик береди. Бул усыл түрли жанрлардағы музыка шығармаларының ассоциатив тембрал реңлери менен байланысты орнатыўда әсиресе үлкен роль ойнайды, ол дөретиўшилик ойда сәўле-лендириўде сүўретленетуғын ой-пикирлерди

келтирип шығарады ҳәм жаңа даўыс фортепиано атқарыўшылығы шешимлерин пайда етип излениўге жетелейди. Мысалы, оқыўшыға клавесинге, тарлы квартет ҳәм симфониялық оркестрдиң И.Бахтың си минор «Француз сюита»сынан «Аллеманда» ҳәм «Менуэт» музыкаларын атқарыўды усыныс етиўи мүмкин. Пикиримше, соната формасындағы дөретпелер үстинде ислеўде оқыўшылардың музыкалық ҳәм дөретиўшилик искерлигине болған мотивациялық бағдарланғанлығын раўажландырыў ушын ең нәтийжели усыл - бул бөлимлерди толық анализ ислеў, бөлимлердиң схемасын дүзиў, музыкалық аңлатпалар, ҳәр қандай фразаны, сес шығарыў усылларын қолланыў, көрсетпе қураллары усылынан пайдаланыў, оқыўшылардан өзлериниң анализлерин, сораў-жуўап, дискуссия ҳәм олар жаратқан көркем сүўретлемеге өз қатнасларын аңлатыў болып табылады. Музыкалық-дөретиўшилик искерлигине сезимлик, тәсирли баҳалы қатнасты қәлиплестириў ушын тәлим алыўшыларға тыңланған үш пьесадан биреўин таңлаўды усыныс етиўимиз мүмкин. Мысалы (С.Рахманинов «Элегия» П.Чайковский «Жаворонок қосығы», И.Шамо «Юмореска») атқарыўды қәлеўшилерди, соңынан өз таңлаўларын тийкарлайды.







Үйге тапсырма сыпатында мектеп оқыўшылары өзлери үйренип шыққан композиторлар дөретиўшилиги менен танысып шығыўы ҳәм сүўретлемелерди таярлаўы керек болады. Сабақта оқыўшылар топланған материалды музыка шығармасы менен бирге көрсетип береди. Бундай шынығыўларда жоқары класс оқыўшылары музыкалық тәжирийбеге ийе болады ҳәм музыкалық дүньяға көз-қараслары кеңейеди. Оқыў репертуарын өзлестириўде музыка мағлыўматларды аңлатыўшылар – семантикалық мәнислерин өзлестириў ушын даўыс, мотивларды интонациялаў, сөйлеў ҳәм динамика үстинде ислеў керек. Соннан кейин ғана техникалық көнликпелерди қәлиплестириўге кирисиў. Музыка дөретиўшилиги тараўында ой-пикирлерди, идеяларды топлаў, анализ ислеў, салыстырыў, фортепиано атқарыўшылық искерлигинде өз ҳәрекетлерин тийкарлаў қәбилетин раўажландырыў ушын оқытыўшы оқыўшыларға музыкалық шығарманы фортепиано әсбабында атқарыўшылықтың дурыс усылын көрсетиўи керек, кейин оқыўшыларға оны жеке түрде атқарыў ҳәм алынған вариантына түсиндирме бериў мүмкиншилигине ийе болады. Аўдармашы автордың ой-пикири, идеясы ҳәм сезим-туйғысы менен танысыўы, оның менен бирдей болыўы керек. Дөретпе идеясын өзлестириў процесинде атқарыўшы өз ойда сәўлелендириўинде өз образын жаратады.

Сабақлардың биринде Р.Глиэрдиң кантилена характериндеги «Романс» үстинде жумыс алып барылады. Шығарманы тыңлағаннан кейин, оқыўшы бул аз-аздан, мелодиялық характери өзгешелигине ийе болған пьеса екенлигин анықлайды, оның музыкасы, мелодиясы еркин ҳәм бир тегис раўажланып, гармониясы уйғынлығы менен басқа жанрлардан ажыралып турады. Тийкарынан алғанда, мелодияның өзи лирикалық қосық болып, жанрдың жарқын рәңбәреңлигине ийе. Қысқа сөз дизбеклер ишинде толқын формасындағы динамиканы сақлап қалыўда динамикалық кернеўдиң қысқа фразасы репризадан алдыңғы тактына өтиўине ерисиў керек. Соны да атап өтиў керек, пьесаның эпиўайы ритмикалық сүўретлемеси тек даўам етиў ўақтын тәкирарлаўдың элементар анықлығы менен өткерилиўи мүмкин емес, бирақ мелодияның сезимлик тәсири оның декламацион образлы сүўретленетуғын дүзилисине қаратылған болады. Дөретпениң екинши бөлими үстинде ислеп атырғанда пьесада педализация қолланылыўын көрсетемиз. Үйге тапсырмасы сыпатында бул шығарманы анализ ислеўди даўам еттириўди усыныс етемиз. Оқыўшылардың дөретиўшилиги өз-өзинен ҳәрекет қылыў, өз билим ҳәм көнликпелерин жаңа шараятларда, жаңа әмелиятларда қолланыў менен байланыслы. Ол стереотип ой-пикирлер, қыяллардан ўаз кешиўди талап етеди. Фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик ўазыйпалар кең қолланылады, мысалы, нотаны қағаздан оқыў, транспозиция, импровизация, еситиў бойынша таңлаў,

композициялар болып табылады. Қағаздан оқыў ушын оқыўшыларға БММниң басланғыш класслар репертуарынан әпиўайы киши пьесаларды усыныс еткенимиз мақул, бундай ўазыйпалар итибарды активлестиреди, музыка еситиўди раўажландырады, дөретиўшилик ҳәм өзин аңлатыў жолын ашады.

Оқыўшылардың дөретиўшилик активлигин қәлиплестириўдиң нәтийжели усылларынан бири бул транспозиция. Киши секунда ҳәм үлкен секундаға транспозиция ислеў ушын К.Черни «Этюд»ларынан пайдаланамыз.

Кейинги ўазыйпа музыка тараўында ҳәр қыйлы импровизацияларды атқарыўшылық қәбилетин раўажландырыўға қаратылған. Оқыўшыларға тийкарғы партия темасын ири формадағы шығармадан аткарыў ҳәм тийкарғы партияның өз ритмикалық импровизациясын дөретиў усыныс етиледи.

Еситиў бойынша таңлаў үлкен жастағы оқыўшылардың дөретиўшилик активлигин қәлиплестириўде үлкен жәрдем береди. Бул оқыўшыларға еситиў ҳәм клавиатурадағы жөнелис арасындағы байланысты орнатыўға жәрдем береди. Музыканы әсбапта еситиў бойынша таңлаўда оқытыўшы ҳәм оқыўшы атқарыўшылығын қоллап-қуўатлаўы керек. Усыныс етилген мелодияларды ҳәр қыйлы тонлықларда, фортепиано әсбабында ақ ҳәм қара клавиатуралары менен шертип атқарыў пайдалы. Бул клавиатура менен еркин байланысыўға жәрдем береди, музыкалық еситиў қәбилети, сүўретлеме, пикирлеўди раўажландырыў, фортепиано әсбабын шертип үйрениўде әҳмийетли.

Еситиўи бойынша таңлаў музыка жанрларын тереңирек үйрениў ушын жумыс түрлеринен бири сыпатында қолланылған. А.Маклыгинниң «Фортепиано әсбабында импровизация фактуралық сүўретлемелер» музыка мектеби ушын оқыў қолланбасынан сабақта хореография аяқ ойыны жанрларының фактураларынан пайдаланылған. Ҳәр қыйлы ритмлерди ҳәм ойын жанрларының методларын үйренип (менуэт, вальс, мазурка, полька), оқыўшылар сегиз тактлы мелодияларды жаза баслайды. Музыка дөретиў, теориялық билимлерди дөретиўшиликте қолланыў қәбилетин раўажландырыў ушын өзлерине таныс болған, жағымлы эстрада қосықларын, мелодияларын гармония менен биргеликте фортепиано әсбабында өз бетинше таңлаў ўазыйпасын беремиз. Бундай искерлик мудамы оқыўшыға үлкен қуўаныш бағышлайды, сол себепли оқытыўшы оған айрықша ғамхорлық етиўи керек ҳәм келешекте де оның элементлерин үйрениў процессинде сақлап қалыў ҳәм турақлы түрде пайдалана алады. Буннан тысқары, оқыўшылар өзлериниң оқыў репертуарынан сонатаның (сонатинаның) тийкарғы бөлимин фортепинода атқарыўшылықлары ҳәм оған мелодияларды таңлаўы керек болады. Аккомпанаментти таңлаў ушын мектеп оқыўшылары ҳәр қыйлы аккордларды, функционал айланысларды, гармониялық фигурациялардан пайдаланады. Кейинги дөретиўшилик ўазыйпа - қосық текстлерине музыкалық сүўретлемелер дөретиў болып табылады. Оның мақсети - тәлим алыўшыларда қосық текстлерине музыкалық сүўретлемелер дөретиў қәбилетин раўажландырыўдан ибарат. Еки қосық текст (А. Пушкин тәрепинен жазылған қосық текстлеринен үзинди) – «Гүл», «Қыс жолы». Олардан биреўинде оқыўшы өзи таңлаған музыка шығармасын (пьеса) жазыўы, өз шығармасы жазыўын нотаға жазып қойыўы, кейин оны фортепиано әсбабында атқарыўы керек. Бул ўазыйпаны орынлаў нәтийжесинде биз оқыўшылардың көбисинде бул пьесада мелодиялық образларды қабыллаў ҳәм оларды музыка әсбабы фортепиано менен атқарыўшылық шеберлигиниң жоқары дәрежесин анықлаймыз. Ең жақсы музыка шығармасы таңлаўына оқыўшыларға үйге тапсырмасы сыпатында П.Чайковский «Ески француз қосығы» сүўретлемесин сәўлелендириўши пьеса дөретиў усыныс етиледи. Тапсырманы орынлаў ушын үш ҳәпте ўақыт берилди, кейининен киши класс концерти формасында өз дөретпелери таңлаўы өткериледи. Мектеп оқыўшылары өзлериниң көркем өнер ҳәм коммуникатив уқыпларын көрсетип, өзлериниң музыка дөретпелерин сезим-туйғылар менен фортепианода атқарады. Музыка тәжирийбеси топланған тәрепке тәсирленип үлкен класс оқыўшыларында да көркем репертуар үстинде өз бетинше ислеў көнликпелери раўажланады.

Пикиримше, жоқары класс оқыўшыларының фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик активлигин табыслы қәлиплестириў ушын төмендеги педагогикалық методлардан пайдаланыў керек:

1.Көркем репертуарды таңлаў ол ямаса бул үлкен класс оқыўшылардың индивидуал, жеке өзлигине қарай олардың анық дөретиўшилик көнликпелерин раўажландырыўға қаратылған болыўы керек.

2. Сабақта дөретиўшилик активлик орталығының жаратылыўына жәрдем беретуғын актив жумыс формаларынан

пайдаланыў (импровизация, еситиў бойынша таңлаў, дөретпе жазыў, нотаны қағаздан оқыў, транспозиция ислеў).

3. Музыка искерлигиниң түрлерине қарай дөретиўшилик үлгилерин көрсетиўдиң ең нәтийжели усылларын таңлаў керек.

4. Ҳәр бир фортепиано пән сабағы дөретиўшилик пенен байытылған болыўы керек, сонда ғана дөретиўшилик ўазыйпалары басқышпа-басқыш қурамалыласады.

5. Сабақтың тийкарғы темасынан келип шығып, ҳәр бир сабақта музыка искерлигиниң түрли түрлериниң ишки өз-ара тәсирлениўиниң рационал жолларын анықлаў.

Әсиресе оқыўшыларда музыка шығармасы үстинде өз бетинше жумыс ислеў көнликпесин қәлиплестириў БММниң жоқары классларында зәрүрли әҳмийетке ийе. Оқытыўшының қолланбасында фортепиано ушын динамика, фразировкаа, форма, даўысты үйрениў характерлери үстинде ислеў бойынша усынысларын үйрениў, үй шараятында өз бетинше жумыс ислеў көнликпелерин және де нәтийжели раўажландырыўға жәрдем береди. Үйге берилген тапсырмасын пухта таярланыў, интизамлылық, қатаңлық, «қурамалы тәреплерин» көптен тәкирарлаў, композитор текстине итибарлылық пенен қатнаста болыў, музыка шығармасы текстин тезирек өзлестириўге ҳәм көркем сүўретлемелерди бериўге мүмкиншилик жаратады. Сондай-ақ бул сүўретлемелерди өз күшимиз бенен тыңлаўшыларға жеткерип бериў имканияты пайда болып өз бетинше шынығыўлар даўамында аз-аздан, өз-өзин бақлаў қәбилети раўажланады, бул кейинирек өз-өзинен қойылған көркем ўазыйпаларға ерисиў мүмкиншилиги пайда болады. Оқыўшы фортепианода атқарыўшылық ўақтында өзин тыңлаўға, қурамалы болмаған шығарманы өз-өзинен үйрениўге ҳәм сабақта өз жумысын көрсетиўге үйретиў керек. Бул тәлим алыўшының өз бетинше ислеў сапасын жақсылаўға жәрдем береди. Орта мектеп оқыўшылары ушын зәрүрли болған әҳмийетли нәрсе - олар қолында бар болған қәбилет ийеси, ҳәр қандай усылда, яғный дослары, шаңарақ ағзалары, тыңлаўшылар ҳәм концертлерде фортепианода атқарыўшылық тәжирийбесин топлаў, бунда атқарыўшылық сапасы ушын жуўапкершиликти қәлиплестириўди талап етеди.

Жуўмақлап айтқанда, БММде фортепиано пәни сабақларында дөретиўшилик жумыс музыка искерлигиниң барлық түрлерин есапқа алған ҳалда, соның менен бирге, музыкалық ҳәм еситиў; музыка формасының тийкарғы принциплери туўрысында билимге ийе болыў; көркем-өнер тараўының бир тараўдан басқасына ғәрезсиз түрде билимлерди өткериў көнликпесин раўажландырыў; музыкада сезим-туйғыларды сүўретлейтуғын тәрепи туўралы мағлыўматларды беккем өзлестириў. БММда фортепиано пәни сабақларында жоқары класс оқыўшыларының дөретиўшилик активлигин қәлиплестириў тәлимниң актив усыллары, методикалары ҳәм формаларынан пайдаланған ҳалда нәтийжели болады. Музыка шығармасы менен дөретиўшилик ислеўди баслаған оқыўшы оны өз үстинде ислеген жумысы арқалы әмелий өзлестириўге таяр болыўы: қағаздан нота текстин оқыўды, фортепианода атқарыўшылықтың теориялық, техникалық ҳәм атқарыўшылық көнликпелерин өзлестириўди, импровизация ислеў сыяқлы көнликпелерге ийе болса келешегимиз болған жасларымыз белгили бир нәтийжелерге ериседи.

**Әдебиятлар**


1. Воспитание пианиста в детской музыкальной школе / под ред. Б.Е. Милича. – К.: Мистецтво, 1964. – 220 с.
2. Кристи Г.В. Работа Станиславского в оперном театре / Г.В. Кристи. – М.: Просвещение, 1952. – 250 с.
3. Милич Б. Воспитание ученика-пианиста в 5-7 классах ДМШ / Б. Милич. – К.: Музична Україна, 1982. – 86 с.
4. Щапов А.П. Фортепианный урок в музыкальной школе и училище / А.П. Щапов. – М.: Классика – XXI, 2001. – 176 с.
5. Маклыгин А.Л. Импровизируем на фортепиано. Фактурные рисунки: учеб. пособие для музыкальной школы / А.Л. Маклыгин. – М.: Престо, 1999. Вып. 2. – 32 с.
6. “Музыкальный энциклопедический словарь” Г.В.Келдыш Выпуск 1990 год.
7. Советская энциклопедия, “Энциклопедический музыкальный словарь” Б.С.Штейнпресс, И.М.Ямпольский 1959 год.
8. “Краткий словарь любителя музыки” Б.С.Штейнпресс, И.М.Ямпольский 1959 год.
9. В.Н.Холопова “Форма музыкальных произведений” Санкт-Петербург 2001 год. Монография

10. “Краткий биографический словарь композиторов” И.Гусин, Ю.Вайнков Издательство «Музыка» Ленинград 1971 год.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада балалар музыка мектебиндеги фортепиано пәни сабақларында мектеп оқыўшыларының дөретиўшилик активлигин қәлиплестириў методлары, усыллары ҳәм формалары көрип шығылады. Әсбапта атқарыўшылықты үйрениўдиң дөретиўшилик процеси оқыўшылардың билим алыў қызығыўшылықлары ҳәм мүтәжликлерин есапқа алған ҳалда әмелге асырылыўы, жеке шахстың айрықшалығына, оның дөретиўшилик қәбилетлерине, атқарыўшылықтың техникалық көнликпелерин раўажландырыў дәрежесине, топланған атқарыўшылық тәжирийбесине, тезаурусына қарай моделлестирилиўи айтылады.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются методы, приёмы и формы формирования творческой активности школьников на уроках фортепиано в детской музыкальной школе. Подчёркивается, что творческий процесс обучения игре на инструменте осуществляется с учётом познавательных интересов и потребностей обучающихся, моделируется в зависимости от индивидуальности личности, её творческих способностей, уровня развития технических навыков игры, накопленного исполнительского опыта, тезауруса.

**SUMMARY.** The article discusses the methods, techniques and forms of the formation of creative activity in older scholchildren in piano lessons at a children’s music school. It is emphasized that the creative process of learning to play the instrument is carried out taking into account the cognitive interests and needs of students, is modeled depending on the personality of the person, her creative abilities, level of development of technical skills of the game, accumulated performing experience, thesaurus.

## MUSIQA MADANIYATI DARSLARIDA BUXORO FOLKLOR QO‘SHIQLARINI O‘RGATISHDA O‘QITUVCHI MAHORATI

**To‘xtasin Rajabov**- *Bux. DU professori, pedagogika fanlari doktori (DSc)*

**Tayanch so‘zlar:** Buxoro folklori, musiqa tarbiyasi, kuylash faoliyati, mahalliy uslub, musiqa san’ati, qo‘shiq o‘rgatish, pedagogik mahorat.

**Ключевые слова:** Бухарский фольклор, музыкальное образование, певческая деятельность, местный стиль, музыкальное искусство, пение, педагогическое мастерство

**Key words:** Bukhara folklore, music education, singing activities, local style, musical art, singing, pedagogical skills.

Umumiy ta’lim maktablari musiqa madaniyati darslarida jamoaviy aytim faoliyatining o‘rni alohida. Zero, kuylash jarayonida o‘quvchilarga musiqiy, axloqiy–estetik tarbiya berish nazarda tutiladi. Musiqa ta’limi jarayonida o‘quvchilar milliy musiqiy meros durdonalari, jahon xalqlari musiqa madaniyati eng sara namunalari bilan bir qatorda o‘zbek xalq musiqa ijodiyoti - folklor qo‘shiqlarini tinglab, kuylab bahramand bo‘lishlari lozim.

Keyingi yillarda mamlakatimizda yosh avlodni milliy musiqa merosimizga mehr uyg‘otish, qadtimiy musiqa san’atimiz durdonalaridan bahramand etish borasida talay ishlar amalga oshirildi. Masalan, musiqa madaniyati fanidan Davlat ta’lim standartiga asosan tuzilgan o‘quv dasturida musiqa ta’limida o‘zlashtirish uchun 6-sinf musiqa darsligida mumtoz musiqa, kuylar, ashulalar, Shashmaqom mumtoz musiqamizning asosi ekanligi, “Farg‘ona-Toshkent”, “Buxoro-Samarqand”, “Surxandaryo-Qashqadaryo” va Xorazm ijrochilik uslubi, mumtoz musiqaning madaniyatimizdagi o‘rni, o‘zbek zamonaviy musiqasi, estrada musiqasi, musiqa san’ati bo‘yicha ko‘rik-tanlov va festivallari, Sharq xalqlari hamda Yevropa mumtoz musiqasiga oid materiallar o‘z aksini topgan. Shuningdek, dasturda folklor musiqasi va dostonchilik san’ati bo‘yicha ikkita mavzu ham kiritilgan. [1]

Shuni ta’kidlash joizki, o‘zbek xalq musiqa folklori qatorida viloyatimiz maktablarida ham musiqa madaniyati darslarida mahalliy ijrochilik uslubiga oid asarlarni o‘rgatish, Buxoro folklor qo‘shiqlarini jamoa bo‘lib kuylash asosida o‘quvchilarni ma’naviy-axloqiy, estetik tarbiyalash ishlarini o‘rganish bo‘yicha maxsus dastur va rejalar ishlab chiqildi. Maktab o‘qituvchilarining folklor musiqasi asosida o‘quvchilarni ma’naviy axloqiy - estetik tarbiyasiga oid fikr va mulohazalarini aniqlash hamda umumlashtirish kabi ishlar ham amalga oshirildi.